

## TATA PANGIBADAH

Minggu, 24 November 2024

Katrangan:

PS : Palados Sabda

M : Majelis/Pradataning Pasamuwan

U : Umat

# PANGUWAOSIPUN SANG RATU INGKANG SEJATI

6308

### PACAWISAN:

- Panyumeting lilin
- Pawartos Pradataning Pasamuwan (M1)

### 1. TIMBALAN PANGIBADAH (M1) *(Umat jumeneng)*

M1 : Pasamuwan ingkang kinasih ing Gusti, Minggu menika kasebat **Minggu Kristus Raja** nggih menika Minggu terakhir ing kalender gerejawi. Lan Minggu ngajeng kita sampun lumebet wonten Minggu Advent Pertama. Tema kita Minggu menika “**Panguwaosipun Sang Ratu Ingkang Sejati.**” sumonggo kita wiiti pangibadah menika lan ngluhuraken asmanipun Gusti Sang Ratu sejati kanthi ngrepekaken kidung **KPJ 458 “Mugi Sih-Rahmating Gusti”**

#### • Prosesi

*Pasamuan ngidungaken KPJ 458 “MUGI SIH-RAHMATING GUSTI”*

Mugi sih rahmating Gusti lan sihè Sang Rama  
wah patunggilaning Sang Roh Suci,  
tumraha ing kula, nggih kula sadaya  
Amin, Amin, Amin

### 2. VOTUM (PS) *(Umat jumeneng)*

PS : Tuking pitulungan kita punika pinangkanipun saking Gusti Allah ingkang nitahaken langit lan bumi, ingkang setya nuntun umatipun kinanthenan Roh lan Kaleresan.

U : *(ngidungaken Amin, Amin, Amin)*

### 3. SALAM (PS) *(Umat jumeneng)*

PS : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan saking Gusti Yésus Kristus, nunggila ing para sadhèrèk sadaya.

U : Nunggila ing panjenengan ugi.

### 4. PAMBUKA (M1) *(Umat lenggah)*

**M1 :** Lumantar pahargyan Minggu Kristus Raja, greja mèneti kamulyanipun Gusti Yesus punika minangka Raja. Boten wonten alesan kangge umatipun boten pitados dhateng Gusti Allah. Panjenanganipun ingkang sampun ngrimati lan nuntun gesang kita, pramila sumangga kita sami ngluhuraken asmanipun Gusti kanthi ngrepekaken KPJ 404: 1 & 4 “Gusti Yesus Ratu Adil”

U : *(ngidungaken KPJ 404: 1 & 4 “GUSTI YESUS RATU ADIL”)*

1. Gusti Yesus Ratu Adil, panetep panata gami  
kang mengku sajagad rat. Sagung ilat badhe nyebut,  
sakathahing dhengkul sujud  
mring Gusti ning pra umat, mring Gusti ning pra umat.

2. Namung dening Kanjeng Gusti kita saged dados suci  
kinumbah klayan rahnya. Gesang langgeng wus sinungken,  
wah tyang doso rinukenken  
lantaran Sang Pamarta, lantaran Sang Pamarta

### 5. PANGAKENING DOSA (M2) *(Umat lenggah)*

M2 : *(Pamaosing Angger-anggering Katresnan saking Injil Matius 22: 37-40 )*

Kita dereng saged mujudaken katresnan ingang sejati, namung kosokwangslipun malah asring tumindak dosa, ananging Gusti ingkang kebak katresnan tansah ngapunteni dosa kita. Sumangga kita sami nelangsani dosa-dosa kita kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking KPJ 53: 1 & 3 “**Kapyarsi Gusti Nimbali**”

**U : (ngidungaken KPJ 53: 1 & 3 “KAPYARSI GUSTI NIMBALI”)**

(1) Kapyarsi Gusti nimbali, "He, wong kamomotan,  
mareka lan mbukak ati nampi pangluwaran!"  
Kula ngayom mating Gusti, dyan ayem sejati,  
awit tansah binerkahan, sinung karaharjan

(3) Kapyarsi Gusti mimbali, "Wong dosa, mareka,  
nampanana kurban suci, rah, srira sampurna!"  
Kula pasrah mring Gusti, kalis saking pati,  
wah ingangkat putréng Allah, lantaraning berkah.

**6. PAWARTOS SIH RAHMAT & PITEDAH GESANG ENGGAL (M2) (Umat jumeneng)**

- a. Pawartos Sih Rahmat: 1 Yokenan 2: 2** “Lan Panjenengane iku kang dadi pangruwate dosa kita, lan ora ngemungake dosa kita bae, nanging malah iya dosane wong sajagad kabeh.”
- b. Pitedah Gesang Enggal: Efesus 4: 22-24** “yaiku manawa kowe, ing bab lakumu kang biyen, kudu ngrucat kamanungsan lawas, kang nemahi rusak awit saka anane hawa-nepsu kang nasarake, supaya kowe padha dianyarake ing roh lan pikiranmu, lan ngrasuk kamanungsan anyar, kang wus tinitahake manut karo karsaning Allah ing kabeneran lan kasucen kang nyata.

**U : (ngidungaken Kidung Kasanggeman KPJ 72:1&4 “GUSTI KAWULA INGKANG BINERKAHAN”)**

1. Gusti kawula ingkang binerkahan;  
seda Paduka sung kawilujengan.  
Kawula nglari nadyan klayan sisah,  
dadosa margi mring resik ing manah.

4. Samangké sèstu pitados kawula,  
tan badhé kembra mituhu Paduka.  
Lubèring kamirahan kebak berkah,  
mbangun jiwa miwah resiking manah.

**Reff.:**

Resik pethak ngungkuli salju,  
manah resik pethak ngungkuli salju

**7. PALADOSAN SABDA (PS) (Umat lenggah)**

PS : (*Pandonga Épiklése*)

PS : Pamaosing Injil, saking **Injil Yokenan 18: 33-37**

PS : Makaten Injilipun Gusti Yésus Kristus, ingkang rahayu inggih punika ingkang mirengaken pangandikanipun Gusti lan ngéstokaken ing gesang padintenan. HALELUYA.

**U : (ngidungaken HALÉLUYA AMIN...)**

- **Khotbah: “Panguwaosipun Sang Ratu Ingkang Sejati”**
- **Wekdal Ening**

**8. PANGAKEN PITADOS (PS) (Umat jumeneng)**

PS : Sinarengan kaliyan umatipun Gusti ing sedaya mangsa, sumangga kita pratélakaken lan kita kekahaken malih punapa ingkang kita imani kanthi sesarengan ngucapaken Pengaken Iman Rasuli.

**U : (Sesarengan ngucapaken Pengaken Iman Rasuli)**

**9. PANDONGA SAFAAT (PS) (Umat lenggah)**

**10. PISUNGSUNG (M3) (Umat lenggah)**

M3 : Pasamuwan ingkang dipun tresnani Gusti, sumonggo wonten ing pangibadah punika kita saos sokur dhateng Gusti ingkang kalandhesan saking **Wahyu 7: 11-12** “Anadene sakehing malaekat padha mapan ana ing saubenging dhampar lan para pinituwa tuwin makluk papat iku. Iku padha sumungkem ana ing ngarepe dhampar sarta padha sujud marang Gusti Allah, kalawan munjur: “Amin! Sakathahing puji lan kamulyan, sarta kawicaksanan tuwin panuwun, saha kaurmatan miwah panguwaos punapadene kasekten sayoga kadarbe ing Allah kita langgeng salamilaminipun! Amin!”

**U : (ngidungaken KPJ 171: 1- “MANGGA SAOS PISUNGSUNG”)**

## KPJ 171: 1- “MANGGA SAOS PISUNGSUNG”

- (1) Mangga saos pisungsung mring Allah Maagung  
krana gunging sih rahmat kang lubèr tan kendhat
- (2) Misungsung kanthi loma cihnaning panuwun,  
dé gesang tansah begja wit Allah kang nuntun
- (3) Bandha, arta pethingan kang katur mring Gusti,  
bludaging kabingahan wit berkah tan sepi
- (4) Saos pisungsung kathah cacahnya tan timbang,  
lan gung berkahing Allah tan kénging winilang

M3 : Pandonga Pisungsung & Rama Kawula    (*Umat jumeneng*)

### 11. KIDUNG PANGUTUSAN (PS)                          (*Umat jumeneng*)

U : (*ngidungaken KPJ 124 : 1 & 4 “KULA SESTU NDEREK GUSTI”*)

1. Kula sestu ndherek Gusti kang jumeneng Panutan.  
Tetep setya dugeng janji, tan wigih karibedan.  
**Reff.:** Dhuh nyawaku, ja kwatir; Gusti tan ewah gingsir.  
Tut wuria salaminya ing satindake Gusti
4. Kula sèstu ndhèrèk Gusti ngèstokken dhawuh edi;  
sok sintena kang nyatroni, kula ngudi nresnan  
**Reff.:**

### 12. PANGUTUSAN (PS)                                  (*Umat jumeneng*)

PS : Tansah ngeneraken manah kita dhumateng Gusti Allah

U : **Kawula ngeneraken manah dhumateng Allah**

PS : Sami dadosa seksi-seksinipun Kristus

U : **Kawula samapta dados seksi-seksinipun Kristus**

PS : Pinujia Gusti Allah kita.

U : **Samangké lan salami-laminipun.**

### 13. BERKAH (PS)    (*Umat jumeneng*)

PS : Sami nampeni berkahipun Gusti:

Gusti Allah maringana berkah lan ngayomi panjenengan (kita), Gusti Allah karsa nyunaraken wedananipun dhateng panjenengan (kita) lan maringi sih rahmat. Gusti Allah karsa nungkulaken wedananipun lan maringi tentrem rahayu. Amin.

U : (*Ngidungaken KPJ. 459 “PINUJIA ALLAH SANG RAMA”*)

Pinujia Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci;  
purna pangabekti anèng gréja, ngrasuk gesang saben ari.

**Reff:** Payo nindakna kang trusing ati  
Sabdaning Gusti sung gesang yekti,  
Sinartan déning berkah ing Gusti, Sung sih-rahmat mring sesami